тафаккурига салбий таъсир қилишидек оқибатларга ҳам олиб келганлиги билан ажралиб туради. Маҳаллий жойлардаги оғир иқтисодий ҳаёт, кадрлар етишмаслиги ва бошқаларни инобатга олмасдан мустабид тузумга хос бўлган «оқибатни ўйламасдан иш қилиш, ҳодиса ва воқеаларнинг объектив, субъектив сабабларини ва оқибатларини ҳисобга олмасдан иш олиб бориш услуби, юқоридан бошқариш, нима бўлишидан қатъий назар, буйруқ кўр-кўрона «тез» бажарилиши зарур тақлидида олиб борилган сиёсат ўзига хос қийинчилик ва муаммоларни ҳам туғдирган, албатта.

Судларнинг моддий аҳволи оғирлигича қолган. Уларнинг маҳаллий таъминотга ўтиши ҳеч қандай ижобий натижа бермаган. Оқибатда суд ходимлари ҳам ярим оч ҳолатда яшаган. Очликдан ўлмаслик учун ҳар хил бошқа соҳаларда ҳам ишлай бошлаганлар. «Тажрибали» кадрлар ишни ташлаб кета бошлаганлар. Суд идораларига қулайроқ ишлаши учун хоналар етишмаган, тўлиқ тергов ишларини олиб бориш учун суд тергов органларига тергов жараёнларида зарур бўлган тегишли нарсалар етарли даражада берилмаган. Маҳаллий халқ ва унинг маҳаллий турмуш шарт-шароитлари марказий бошқармада ташкил этилган ташкилотларнинг ўта муҳим ишлар бўлими, ҳарбий трибунал ва бошқалар таъсирига учраган.

Фавқулодда комиссия тугатилиб, ҳарбий ва фуқаролик судлов иши алоҳида бўлиб ажратилгандан кейин, ягона халқ судининг обрўси ўса бошлаган. Шундай қилиб, совет даври суди ўзининг серқирра фаолияти билан империя даври суд тизимидан фарқ қилган. Мақсад ўлка халқини назоратда ушлаб туриш совет суди тизими орқали ўлкада ўз мавқеини сақлаб қолишдан иборат эди.

**Адабиётлар**


1. ЎзРМДА. Р-25-жамғарма, 1-рўйҳат, 1128- йиғма жилд, 62-варақ.
2. ЎзРМДА. Р-27-жамғарма, 1-рўйҳат, 1128- йиғма жилд, 34-34-о, варақлар.
3. ЎзРМДА. Р-38-жамғарма, 2-рўйҳат, 264-йиғма жилд, 33-36-варақ.
4. ҚРМДА. 116-жамғарма, 2-рўйҳат, 1-йиғма жилд, 19-варақ.
5. Сборник декретов, распоряжении и постановлении Центрального Исполнительного Комитета Советов Туркестанской Республики. 9-сессии.Т.1921. С-7.
6. ЎзРМДА. Р-27-жамғарма, 1-рўйҳат, 595- йиғма жилд, 1, 2, 3-варақлар.
7. ҚРМДА. Р-116-жамғарма, 1-рўйҳат, 36-йиғма жилд, 1-варақ.
8. ЎзРМДА. Р-25-жамғарма, 1-рўйҳат, 1802-йиғма жилд, 2-варақ.
9. Отчёт о деятельности экономического совета, за февраль-октябрь месяцы 1921 года. Составлен центральным статистическим управлением Туркестанской Республики под редакцией управляющего ЦСУ. Д.П.Красновского. издание ТЭС. Т.: 1922. – С.242.



**РЕЗЮМЕ.** Россия империяси даврида иш олиб борган ҳукумат ташкилотлари ва бошқармалари фаолиятини тугата бошлади. Асосан ички ишлар халқ комиссариати томонидан тайёрланиб, адлия комиссариати билан келишилган ҳолда халқ судлари фаолиятини ўрганиш бўйича экспедиция режаси ишлаб чиқилган ва ташкил этилганлигини кўришимиз мумкин

**РЕЗЮМЕ.** Государственные организации и ведомства, работавшие во времена Российской империи, начали прекращать свою деятельность. Мы видим, что план экспедиции по изучению деятельности народных судов был подготовлен и организован преимущественно Наркоматом внутренних дел и по согласованию с Комиссариатом юстиции.

**SUMMARY.** Government organizations and departments that worked during the Russian Empire began to cease their activities. We can see that an expedition plan to study the activities of people's courts was prepared and organized mainly by the People's Commissariat of Internal Affairs and in coordination with the Commissariat of Justice.


## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍN TURAQLÍ RAWAJLANDÍRÍW FAKTORÍ SÍPATÍNDA SOCIAL-EKONOMIKALÍQ SIYASAT BASQÍSHLARÍNÍŃ ASPEKTLERI


**N.R.Djumageldiev –** *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti*



**Tayanch so'zlar:** barqaror rivojlanish, tamoyillar, ijtimoiy-iqtisodiy jihatlar, atrof-muhit.
**Ключевые слова**: устойчивое развитие, принципы, социально-экономические аспекты, окружающая среда.
**Key words**: sustainable development, principles, socio-economic aspects, environment.


Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligine eriskennen keyin Qaraqalpaqstan Respublikasınıń siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq turmısında reformalar ámelge asırıla baslandı. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Keńesi tárepinen Jer, múlk, diyxan - fermer xojalıǵı, kárxanalar, isbilermenlik hám shet el investiciyaları hám basqa ekonomikalıq tarawlarǵa tiyisli bolǵan, bazar qatnaslarına baylanıslı nızamlar hám qararlar qabıllandı. Bunda bazar qatnasların rawajlandırıwǵa qaratılǵan Qaraqalpaqstan ekonomikasınıń negizin hár-túrli sırtqı kórinislerdegi múlk qurawı, mámleket qarıydarlarınıń huqıqıy ústemligin esapqa alıp, ekonomikalıq iskerlik, isbilermenlik hám miynet etiw erkinligi, barlıq múlk formalarınıń teń huqıqlıǵı hám huqıqıy tárepten teppe-teń qorǵalıwına kepillik beriw haqqında sóz júritiledi [15].

Turaqlı rawajlanıw - bul házirgi hám keleshek áwlad wákilleri ushın óz qábiletlerin kórsete alatuǵın hám tirishilik mútajliklerdi qandırıw ushın múnásip, maksimal múmkin bolǵan teń baslanǵısh sharayatlardı kepilleytuǵın rawajlanıw bolıp esaplanadı. Turaqlı rawajlanıwdıń tiykarǵı principi sonı ańlatadı, yaǵnıy hár qanday ekonomikalıq iskerlik, bir tárepten, kámbaǵallıqtı maksimal dárejede kemeytiwge hám ekinshi tárepten, hámme ushın múnásip tirishilik sıpatına erisiwge úles qosıwı hám tábiyiy resurslarınıń óz-ózin qayta tiklew qábiletinen aspawı kerek.

Bazar qatnaslarındaǵı jedel ózgerisler, salıq siyasatın reformalaw, tábiyiy, materiyallıq-texnikalıq resurslarınan nátiyjeli hám aqılǵa say paydalanıw, tábiyattan paydalanıwda ekonomikalıq mexanizmdi jetilistiriwge baǵdarlanǵan byudjet jámi dáramatlarında resurs hám mal-múlk salıǵınıń rolin asırıw sharayatlarında buǵan baylanıslı jumıslardıń basqıshpa-basqısh engiziliwi ayrıqsha orın tutadı.

1997-jıldan Ózbekstanda milliy dárejede Turaqlı rawajlanıw boyınsha Milliy komissiyası iskerlik kórsetken bolıp, keyinirek Ózbekstan Respublikası Húkimeti muwapıqlastırıwshı isshı toparına aylantırılǵan. 1998 jılda Ózbekstan Ministrlik kabineti tárepinen milliy qarızdarlıqtan qutqarıw qáwipsizligi boyınsha qararı tastıyıqlanǵan bolıp, bul qarar tiykarında Ózbekstan Respublikasınıń Turaqlı rawajlanıw koncepciyası islep shıǵıldı. Turaqlı rawajlanıwdı támiyinlewge xızmet etiwshi zárúrli mexanizmlerden biri bul nızamshılıq hám huqıqıy baza, sonıń menen birge, tábiyiy resurslardan paydalanıw hám transshegaralıq tásir tarawında qararlar qabıllaw boyınsha mámleketler aralıq hám regionlar aralıq kelispewshiliklerdi sheshiw mexanizmleri, sonıń menen birge, bul tarawǵa tiyisli aymaqtaǵı ekologiyalıq jaǵdaydıń jamanlasıwı nátiyjesinde qorshaǵan-ortalıqqa hám xalıq salamatlıǵına jetkizilgen zıyanlar ornın qaplawdıń finanslıq kepillikleri sisteması bolıp tabıladı.

Jámiyeti turaqlı rawajlandırıw hám global májbúriyatlarǵa erisiwdiń tiykarǵı strategiyalıq tendenciyaları Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

pármanları hám Ministrler Kabinetiniń «Jámiettiń siyasiy, ekonomikalıq hám ruwxıy tarawları reformaların liberallastırıw hám tereńlestiriw, mámleket qáwipsizligin támiyinlew dástúrlerin ámelge asırıw ilajları haqqında»ǵı Qararı, «Awıl xojalıǵında reformalardı tereńlestiriw haqqında»ǵı, sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikasınıń arnawlı nızamları, olardıń orınlanıwın tártipke salıwshı qaǵıydalar hám normalarda belgilep ótilgen. Turaqlı rawajlanıwǵa ótiwdiń konceptual tiykarları hám jantasıwları mámleket dástúrlik hújjetlerinde óz táriypin tapqan [1].

Qaraqalpaqstan Respublikası Ózbekstannıń tiykarǵı regionınan biri bolıp esaplanadı. Sebebi ol keń aymaqqa iye hám mámlekettiń basqa aymaqlarına salıstırǵanda maydanı boyınsha birinshi orında turadı hám de qolaylı geografiyalıq jaylasıwı hám Aral teńiziniń bir bólegine, úlken tábiyiy mineral resurslarǵa, sonıń menen birge, xalıq tıǵızlıǵı eń tómen orınǵa iye bolǵan aymaq bolıp tabıladı. Respublika awıl xojalıǵı resursları, miynet potencialı, islep shıǵarıw infrastrukturası, jol, transport hám injenerlik-kommunikaciya tarmaqları menen támiyinlengen. Bulardıń barlıǵı birgelikte regionnıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına óz tásirin kórsetpekte [5].

Awıl xojalıǵın rawajlandırıwdıń tiykarǵı ústem turatuǵın baǵdarlarınan biri bul egin maydanlarına túbirli strukturalıq ózgerisler kirgiziw kerekligi inabatqa alınǵan. Bularǵa: hár bir rayon hám fermer xojalıǵına siyasiy toparlastırılǵan jantasıwlar, tábiyiy, ıqlım hám ekologiyalıq sharayatlardı esapqa alıw, suw resurslarınan paydalanıwdıń innovaciyalıq texnologiyalarına ótiwin ámelge asırıw hám jer potencialı sapasın asırıw jumısları menen tiykarlanadı [7:14].

Málim bolǵanınday, Ózbekstan Respublikasınıń belgilep alınǵan ekonomikalıq strategiyasında, tiykarınan, xalıqtı eń zárúrli shiyki zatlarǵa bolǵan talabın ele de tolıq qandırıw wazıypası ayrıqsha zárúrli áhmiyetke iye boladı. Usı strategiyanı ámelge asırıwda pútkil respublika awıl sanaat kompleksi tarmaqları, atap aytqanda, Qaraqalpaqstan Respublikası awıl xojalıǵı óndirisin ele de rawajlandırıw máselesine joqarı áhmiyet qaratılǵan. Bul máselede, Ózbekstan Respublikasındaǵı jer fondınıń 37 procentinen artıǵıraǵı, tábiyiy ot-jem jerleriniń 48,5 procenti, suwǵarılatuǵın egin maydanlarınıń 20 procentten artıq maydanları jámlengen. Bulardıń barlıǵı Qaraqalpaqstanda elege shekem paydalanılmaǵan úlken islep shıǵarıw maydanları - rezervler bar ekenliginen dárek beredi [10].

Qaraqalpaqstan Respublikasında keyingi jıllarda islep shıǵarıw tarawın rawajlandırıw jumısları awıl xojalıǵında egin maydanların keńeytiw, intensiv meliorativ qurılıs hám jaylawlardı ózlestiriw jolınan barmaqta. Usınıń menen birge, respublikanıń bir qatar rayonlarında jumısshı kúshine mútajligi talabı bolǵan suwǵarılatuǵın diyxanshılıq, awıl xojalıǵı shiyki zatın qayta islew tarmaqları hám qurılıs materialları sanaatınıń rawajlanıwı ústingi málim bolǵan. Aymaqlarda jaylaw sharwashılıǵı dástúriy bolǵan rayonlarda qoy sanınıń artıwı menen mudamı jaylawlardıń ot-jem sıyımlılıǵın asırıw ilajları ámelge asırılmaǵan, salı jetistiriwshi rayonlarda bolsa awıl xojalıǵı eginleri, egin maydanlarınıń kóbeyiwi hám de eginlerdi suwǵarıwda suw resursları menen támiyinlenbegenligi anıqlandı. Bul ekologiyalıq jaǵdaydıń keskinlesiwine hám óndiristiń ekonomikalıq natiyjeliliginiń tómenlewine alıp keldi. Regionallıq ekonomikaǵa salıstırǵanda quramalı bolmaǵan spektordaǵı strategiyalıq baǵdarlar nátiyjesinde awıl xojalıǵı tarawı quramında monomádeniy baǵdarǵa ótiw processlerinde, yaǵnıy paxta jetistiriw, regiondaǵı hádden tıs suw jetispewshiligi sharayatında, mısalı, suw kóp talap etetuǵın eginlerden gúrish monomádeniy baǵdarǵa ótkerilgen [13].

Qaraqalpaqstan Respublikasın ekonomikalıq jaqtan rawajlandırıwdıń tiykarǵı maqseti bul Aral teńiziniń qurıwı menen baylanıslı bolǵan awır ekologiyalıq sharayatlarda jasap atırǵan xalıqtıń turmıs dárejesin kóteriwden ibarat. Ózbekstan Respublikası tárepinen Qaraqalpaqstan Respublikasın rawajlandırıwda tereń oylanǵan ilajlar, basqıshpa-basqısh ámelge asırılǵan reformalar sebepli Qaraqalpaqstan agrar aymaqtan sanaatı rawajlanǵan, sociallıq-ekonomikalıq hám transport-kommunikaciya infrastrukturası rawajlanǵan aymaqqa aylanıp barmaqta [8].

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2003-jıl, 3-oktyabrdegi 229/5-sanlı «Ámiwdárya deltasında kishi jergilikli suw háwizlerin jaratıw joybarı gezeginiń ekinshi basqıshı obyektleri qurılısın támiyinlew ilajları haqqında»ǵı [12] Qararınıń orınlanıwı nátiyjesinde Aral boyı suw saqlaǵıshlar aymaǵında biokóp-túrlikti saqlaw máselelerine úlken itibar qaratıldı.

Qaraqalpaqstan Respublikasın "jasıl ekonomika" principleri tiykarında rawajlandırıw ushın qatar ilajlardı ámelge asırıw zárúr.

Birinshiden, qorshaǵan-ortalıqtı basqarıwdan ekologiyalıq-ekonomikalıq basqarıwǵa ótiw: eger birinshi jantasıw maqsetlerdi belgilew, atap aytqanda, sheklewler hám olardı ámelge asırıw ushın tiykarǵı sharayatları menen baylanıslı bolsa, ekologiyalıq-ekonomikalıq basqarıw olardı sheshiwdiń eń nátiyjeli usılların tańlaw imkaniyatın beredi.

Ekinshiden, xalıq aralıq standartlardı [11] ele de aktivligin engiziw hám olar tiykarında qorshaǵan-ortalıq, xalıq turmısı hám salamatlıǵına zıyanlı tásir kórsetiwshi ónimlerdi ekologiyalıq sertifikatlastırıwın ámelge asırıw; aymaqlarda kárxana hám shólkemlerdiń qorshaǵan-ortalıqtı basqarıw sistemasın engiziw; qorshaǵan-ortalıqtı qorǵaw tarawındaǵı jumıslar hám xızmetlerdi orınlawda xızmetkerlerdiń mamanlıǵın asırıw.

Úshinshiden, kárxana iskerliginiń ekonomikalıq kriteryası tek ǵana rentabellikke emes, bálkim onıń ekonomikalıq iskerliginiń ekologiyalıq nátiyjelerin pul kórinisinde májburiy esapqa alınǵan bolıwı kerek [9].

Tórtinshiden, mámleket ekologiyalıq hám ekonomikalıq basqarıw usılları hám quralların optimallastırıw, ekonomikalıq tásir etiw qurallarınıń nátiyjeliligin kúsheytiw. Tábiyattan paydalanıw tarawındaǵı tólemler stavkaların asırıw, ekologiyalıq salıqtı barlıq túrdegi ónimlergede (úskeneler, janar may, turmıslıq ximiya, tóginler hám basqalar) engiziwi aktual másele bolıp esaplanadı. Bunnan tısqarı, qorshaǵan-ortalıqtı qamsızlandırıw hám pataslanıw huqıqları menen sawda etiw mexanizmlerin islep shıǵıw hám engiziw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw hám qorshaǵan - ortalıqtı qorǵawdı xoshametlew usılların qollanıwdı keńeytedi [18].

Qaraqalpaqstan xalqın jumıs penen támiyinlewdi keńeytiw jumısları onıń jańa formaların payda etiw jolınan barǵan bolıp, sońǵı payıtlarda respublikada kóp balalı shańaraqlar, olardıń shańaraq-islep shıǵarıwshılıq hám milliy úrip-dástúrler, ustashılıq respublikada túrli xalıq ónermentshiligin keń en jawdırıwlar rawajlanıp barmaqta [16]. Jumıs penen támiyinlew maqsetinde, tiykarınan, balalı hám mámleket hám de úy jumısları menen bánt bolǵan hayallardı, sonıń menen birge, jámiyetlik jumıslar hám menshikli kárxanalardı óz úyde shólkemlestiriw jolǵa qoyılǵan. Sonıń menen birge, «úyde iskerlik júritiwshiler», yaǵnıy úyde isleytuǵınlar basqa barlıq mámleket jumısshılar sıyaqlı teń huqıqlı is aylıqların alıwǵa, miynet dem alısına shıǵıwǵa, mámleket pensiyası menen támiyinleniwge hám basqa múmkinshiliklerge iye boldı.

Házirgi waqıtta respublikada kóplegen xalıq ónermentshiligi hám milliy ónermentshilik túrleri keń kólemde qayta tiklenbekte. Respublikanıń bazar ekonomikasına ótiw dáwirindegi házirgi jaǵdayında xalıq bántliginiń keńeyiwi hám onıń tarawlarınıń rawajlanıwı menen social quramında salmaqlı ózgerisler júzege kelmekte [17]. Ásirese, jańa social siyasiy toparlar, isbilermenler, múlk iyeleri, bankirler, kireyshiler, akciyadarlar, ónermentler hám basqasha xalıq qatlamları

qáliplesip bardı. Bunıń nátiyjesinde taza jumıs orınların jaratılıp, tiykarınan, jergilikli xalıq bántligi támiyinlendi.

Miynet bazarınıń qáliplesiwi, birinshi náwbette, bántlikti mámleket tárepinen shólkemlestiriw mashqalası menen baylanıslı. Bul sistemaǵa tekǵana mámleket kárxanaları, bálki mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemleriniń túrli tarawları hám formaları da tıǵız baylanıslılıq formasında qamtılıwı kerek [4]. Sol tiykarda mádeniyatlı miynet bazarı jaratılıwı kerek, onıń járdeminde respublikamızdıń xalıq bántligin támiyinlew hám miynet resurslarınan aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń tiykarǵı máseleleri sheshiledi.

2021-jılda Qaraqalpaqstan Respublikasınıń social-ekonomikalıq rawajlanıwına mámleket basshısı tárepinen itibar sezilerli dárejede arttı. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń hár bir rayonı Ózbekstan wálayatlarına biriktirildi. Atap aytqanda, Moynaq rayonı Tashkent wálayatına, Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalası bolsa Tashkent qala hákimligine biriktirilgen bolıp, ol qurılıs materialları, turizm hám azıq-awqat sanaatı usılardı inabatqa alǵan halda 2022-jılda Nókisti kompleks social-ekonomikalıq rawajlandırıw dástúri islep shıǵılıp, jámi 1 milliard 361 million sumlıq 10 jańa joybardı ámelge asırıw názerde tutılǵan hám úsh mıń jumıs ornı jaratıw belgilendi [3].

Sonı atap ótiw kerek, 2021-jılda Ózbekstannıń barlıq aymaqlarında «Qaraqalpaqstanda biznes júrgiziw» kampaniyası belsendiligi ótkerildi, onıń sheńberinde jámi 350 million dollarlıq 264 joybar islep shıǵılǵan. Barlıǵı bolıp, 2021-jılda Qaraqalpaqstanda ulıwma bahası 332,1 million dollar bolǵan 811 joybar iske túsiriliwi kerek boldı, bunıń nátiyjesinde regionda 14,7 mıńnan aslam jumıs orınların payda boldı [8].

Ásirese, sońǵı jıllarda respublika ekonomikası jedel pát penen rawajlanıwları kózge taslanadı. Regionnıń jalpı ishki ónimi (2022-jıl basında) 32% ke, sanaat óndirisi 30,5% ke, awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıw 20% ke, bazar xızmetleriniń kólemi 75% ke, shet el investiciyalar kólemi 3810,6 million dollarǵa ósti [6]. Iskerlik kórsetip atırǵan kárxanalar sanı 59 procentke kóbeydi hám engizilgen jumıs orınların sanı 127,3 mıńdı quradı. Ekonomikanı rawajlandırıwda, ásirese, sezilerli jetiskenliklerge erisildi, 2021-jıl Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikası pandemiya menen baylanıslı 2020-jıldaǵı ósiw pátleriniń tómenlewinen isenimli tárizde tiklendi, 2021-jılda jalpı aymaqlıq ónim 2020 jılǵa salıstırǵanda 7,4 procentke ósti hám 26,3 trillion sumǵa jetti hám xalıq jan basına onıń kólemi 2020-jılǵa salıstırǵanda 6 procentke asıp, 13,6 million sumdı quradı [10].

Juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizlik jıllarında respublikanı turaqlı rawajlandırıw boyınsha mámleket tárepinen ámelge asırılǵan reformalar Qaraqalpaqstannıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ushın imkaniyatlar jaratıldı. Álbette, bul processlerge bir qatar faktorlar, atap aytqanda, ekologiyalıq jaǵdaydıń awırlasıwı da óziniń unamsız tásirin kórsetpekte.

## Ádebiyatlar


1. «Концепция и Национальная Стратегия устойчивого развития», «Повестка дня на XXI век для Республики Узбекистан», Национальные Доклады в рамках Сессий КУР ООН (1997-2001) и Миллениум-2000, а также отчеты и обзор по оценке прогресса и достижений государства по устойчивому развитию Кабинету Министров, Представительству ПРООН в Узбекистане (1997-2001).
2. Национальный Обзор по оценке прогресса, достигнутого Республикой Узбекистан по выполнению «Повестки дня на XXI век» и др.
3. Послание Президента Республики Узбекистан Ш.М. Мирзиеева Олий Мажлису // Народное слово, 29 декабря 2020 года.
4. Постановление Президента Республики Узбекистан «О мерах по комплексному социально-экономическому развитию Республики Каракалпакстан на 2020-2023 годы» от 11 ноября 2020 г., №ПП-4889. // https://lex.uz/ru/docs/5100721.
5. Речь Президента Республики Узбекистан Ш.М.Мирзиеёва на Внеочередной сессии Жокаргы Кенгеса Республики Каракалпакстан, 02.10.2020 г.
6. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлисга Мурожаатномаси. 2022 й. // https://president.uz/uz/lists/view/4057.
7. Асадов Х. Современные тенденции экономического развития регионов Узбекистана // Экономика Центральной Азии, 2020. - №4(3). – С. 251-262.
8. Беркинов Б., Сабурова Н. Современное состояние и перспективы социально-экономического развития Республики Каракалпакстан // Экономические отношения, 2022. Том 12. №1. -С. 85-98.
9. Гирусов Э.В. и др. Экология и экономика природопользования. – М.: Закон и право, ЮНИТИ, 1998.
10. Мирзиеева С.Ш. Анализ опыта Узбекистана по разработке стратегий развития странны и регионов // Управленческое консультирование, 2019. №3. – С. 49-61.
11. Пашков Е., Фомин Г., Красный Д. Международные стандарты ИСО 14000. Основы экологического управления. – М.: Изд-во стандартов, 1997.
12. ҚРМДА, М-500-фонд, 1-рўйхат, 1279-иш, 21-24-б.
13. Умаров Е., Серикбаев М. Аральское экологическое напряжение и его влияние на социально-экономическую и демографическую ситуацию сельской местности Республики Каракалпакстан// www.allbest.ru.
14. Усманов З., Ниязов М. Приоритетные направления развития промышленности в Республике Каракалпакстан // Экономика и бизнес: теория и практика, 2015. №8. -С. 127-131.
15. Утемуратов М. "Ўзбекистон таркибида Қорақалпоғистон Республикаси ташкил топишининг назарий, тарихий, сиёсий-ғоявий асослари". – Т.: ТДЮИ нашриёти, 2005. 46-б.
16. Стратегия социально-экономического развития Республики Каракалпакстан. – Ташкент: ИПМИ., 2013. - С. 53.
17. Тухлиев Н., Кременцова А. Республика Узбекистан. Энциклопедический справочник. -Ташкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2001. -С. 448.
18. Хорунжая Т.А. Методы оценки экологической опасности. – М.: «Экспертное бюро», 1998.



**REZYUME.** Maqolada Qoraqalpogʻistonda ijtimoiy-iqtisodiy siyosatning rivojlanish bosqichlari boʻyicha olib borilgan tahliliy rivojlanishning tarixiy bosqichlarini tadqiq qilish masalalari koʻrib chiqiladi. Atrof-muhitni muhofaza qilish sohasidagi milliy strategiya, dasturlar va harakatlar rejalari masalalarini hal etish Qoraqalpogʻiston Respublikasining barqaror rivojlanish siyosatiga innovatsion yondashuvlarni ishlab chiqish uchun asos yaratadi.

**РЕЗЮМЕ**. В статье рассматриваются вопросы исследований исторических этапов развития проведенного анализа по вопросам развития этапов социально-экономической политики Каракалпакстана. Решение вопросов национальной стратегии, программ и планов действий в области охраны окружающей среды обеспечивает основу для развития инновационных подходов к политике устойчивого развития Республики Каракалпакстан.

**SUMMARY.** The article examines the issues of research of historical stages of development of the conducted analysis on the issues of development of stages of socio-economic policy of Karakalpakstan. The solution of issues of national strategy, programs and action plans in the field of environmental protection provides the basis for the development of innovative approaches to the policy of sustainable development of the Republic of Karakalpakstan.